Ohio Chapter
INCORPORATED IN OHIO
American Academy of Pediatrics
DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®

Ohio Department of Health

APRANN PLIS BAGAY SOU ADOLESAN OHIO YO

Ki sa ki Sondaj sou Konpòtman Riske kay Jèn yo/Sondaj sou Tabak kay Jèn yo?

Chak dezan, avèk konsantman paran yo, plizyè milye elèv lekòl entèmedyè ak segondè nan Ohio ranpli Sondaj sou Konpòtman Riske kay Jèn yo/Sondaj sou Tabak kay Jèn yo (Youth Risk Behavior Survey/Youth Tobacco Survey (YRBS/YTS)) nan lekòl la. Nan sondaj sa a, yo poze elèv yo kesyon nan plizyè kategori pou yo pataje eksperyans yo nan lekòl ak lakay yo san yo pa di non yo. Done ki soti nan repons yo bay yo ede lekòl yo, doktè yo ak fanmi yo konprann ki eksperyans adolesan yo ap fè —pou granmoun yo ka pi byen sipòte yo. Anba la a se rezilta YRBS/YTS 2023 yo ak ide sou fason paran yo ka sipòte adolesan yo lè y ap fè fas ak sitiyasyon difisil.*

MEN SA DONE YO DI:

DÒMI

Se sèlman 20% nan elèv lekòl segondè ak 42% nan elèv lekòl entèmedyè ki di yo dòmi omwen uit èdtan.

Mande tèt ou:
Nan ki mezi adolesan nan fanmi mwen yo dòmi apeprè uit èdtan chak swa?

Ohio AAP Sleep Habits Resource

SANTE MANTAL AK ESTRÈS

35% nan elèv lekòl segondè epi 34% nan elèv lekòl entèmedyè di yo santi yo tris oswa san espwa.

Mande tèt ou:
Èske nou te pale ak doktè nou sou depresyon oswa enkyetid?

Mwens pase mwatye elèv lekòl segondè ak lekòl entèmedyè yo di yo te santi yo te gen yon granmoun pou yo pale.

Mande tèt ou:
Èske nou te di ki moun pou nou kontakte si nou sispèk depresyon?

Store It Safe Suicide Prevention Resource

ITILIZASYON SIBSTANS AK EKSPOZISYON

Plis pase yon elèv lekòl segondè sou kat nan Ohio di yo konsome marigwana (32%).

Mande tèt ou:
Èske nou te pale de marigwana nan fanmi nou?

Plis pase 35% nan elèv lekòl segondè ak 14% nan elèv lekòl entèmedyè di yo konsome yon pwodui vapè elektwonik (vapote).

Mande tèt ou:
Ki valè enfòmasyon nou konnen sou adiksyon nikotin?

23% nan elèv lekòl segondè ak 11% nan elèv lekòl entèmedyè di yo bwè alkòl kounye a.

Mande tèt ou:
Èske nou gen yon moun nan fanmi nou ki konn bwè alkòl?

Ohio AAP Vaping Resource

ENTIMIDASYON AK ENTIMIDASYON SOU ENTÈNÈT

Plis pase 20% nan elèv lekòl segondè yo di yo viktim entimidasyon pandan yo te lekòl oswa atravè entimidasyon sou entènèt. 46% nan elèv lekòl entèmedyè di yo viktim entimidasyon sou pwopriyete lekòl la epi 29% nan elèv lekòl entèmedyè yo di yo viktim entimidasyon sou entènèt.

Mande tèt ou:
Kijan nou t ap reyaji fas ak entimidasyon si nou ta dekouvri li?

Ohio AAP Social Media Resource

**Tout estatistik yo soti nan Evalyasyon Konpòtman Riske kay Jèn 2023 yo te bay nan Eta Ohio.*

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou:
https://tinyurl.com/29ta2dhr